

**PANGARUH SABARAH KUARTNA PAMANFAATAN INTERNET SALAKU
SUMBER DIAJAR KANA MOTIPASI DIAJAR SISWA KELAS XI IPS SMAN
1 SUKATANI PURWAKARTA**

Ku

SITI DEMI NURFALAH

165020016

RINGKESAN

Panalungtikan ieu mibada tujuan pikeun nganyahokeun (i) Kumaha kuatna pamanfaatan internet salaku sumber diajar kana mata palajaran Ekonomi di kelas XI IPS SMAN 1 Sukatani Purwakarta, (ii) Kumaha motipasi diajar siswa kana mata palajaran Ekonomi di kelas XI IPS SMAN 1 Sukatani Purwakarta, (iii) Sakumaha gedena pangaruh kuatna pamanfaatan internet salaku sumber diajar kana motipasi diajar siswa kelas XI IPS SMAN 1 Sukatani Purwakarta. Metode panalungtikan anu digunakeun nya eta survey ku sampel anu jumlahna 31 siswa XI IPS SMAN 1 Sukatani Purwakarta. Pikeun maluruh pangaruh analisis data anu digunakeun nya eta uji asumsi klasik anu basajan ngaliwatan itungan rata-rata skor kalawan bantuan program SPSS 22,0 for windows. Aya pun hasilna nyaeta: (i) kuatna pamanfaatan internet salaku sumber diajar kana mata palajaran Ekonomi kelas XI IPS SMAN 1 Sukatani Purwakarta nughkeun hasil nu kawilang hade. Hal ieu dumasar kana hasil ngolah data anu nuduhkeun skor rata-rata 119 tina skor variabel 1430 anu aya kana kategori hade (94-124). (ii) motipasi diajar siswa kelas XI IPS SMAN 1 Sukatani Purwakarta gedéna skor rata-rata 115 tina skor variabel 1273 anu aya kana kategori hade (94-124), (iii) hasil uji asumsi klasik nuduhkeun ayana pangaruh nu signipikan antara kuatna pamanfaatan internet salaku sumber diajar kana motipasi diajar kana mata palajaran Ekonomi kelas XI IPS SMAN 1 Sukatani Purwakarta nya eta ditingali tina itungan koéfisién determinasi ngaliwatan nilai R square lobana 0,258. Ieu hal ditétélakeun kuatna internet salaku sumber diajar miboga pangaruh lobana 25,8% kana motipasi diajar siswa.

Kata Konci : *Sabaraha kuatna internet salaku sumber diajar, motipasi diajar*